

# TATA PANGIBADAH MINGGU KAPING 3 EPIFANI - GKJ AMBARRUKMA

**21 Januari 2024**

**Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB**

**Pepanthan Nologaten, jam 08.00 WIB**

(Warni liturgis ijem, Stola/Logo/Simbol : Bintang Persegi Gangsal)

*Sakderengipun pangibadah kawiwitan, Liturgos nyumet 1 (satunggal) lilin pethak ibadah.*

1. **Pacawisan** : Imam mimpin pandonga ing konsistori

2. **Liturgos** :

“Pasamuwan kinasih ing patunggilanipun Gusti Yesus Kristus, Pradataning Pasamuwan ngaturaken sugeng rawuh, sugeng enjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah **Minggu Selikur Januari Kalih Ewu Kawan Likur** (21 Januari 2024). Mugi kasarasan lan karaharjan tansah nunggil wonten ing Bapak, Ibu, saha para Sedhèrèk, tuwin laré-laré sadaya. Bapak Ibu saged ngaturaken jawat asta, utawi salam *namaste* dhumateng pasamuwan ing sakiwa, tengen, ngajeng, saha wingking palenggahan panjenengan.

Kula suwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos Minggu menika, ingkang badhé kula aturaken sapérangan (*maosaken pawartos*).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun undhuh mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Bapak, Ibu, lan Sadherek ingkang dipun tresnani Gusti, pangibadah wekdal punika kanthi irah-irahan “**Pamratobat ingkang Sejatos**” badhe kaladosaken dening Bapak/Ibu Pandhita .....

Sesarengan sumangga kita purwakani pangibadah menika kanthi repening **Kidung Pasamuwan Kristen Gangsal, Pada Setunggal Lan Kalih (KPK 5 : 1, 2), “Pamuji Konjuk Gusti”** ..... *pasamuwan kasuwun jumeneng*

(1) Pinuji puji Gusti  
kang nitahken jagad raya  
Nggih siyang dalah ratri  
tansah luber sihrahmatnya,  
Donya gingsir wah sirna  
sihnnya langgeng slaminya.

(2) Pinuji puji Gusti  
nggih Allah kang Mahamirah,  
pra umat kang ngabekti  
tinuwukken klayan berkah,  
salir ingkang pinanggya  
dados margining begja.

(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkotbah, sakderengipun Pengkotbah mapan dhateng mimbar.)

3. **Votum tuwin Salam Karaharjan:** (Pasamuwan Jumeneing)
- Pandhita : Pasamuwan kinasih, sumangga ing pangibadah dinten Minggu punika kita sesarengan mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:
- Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**
- Pandhita : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, lan sadherek sadaya.
- Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**
- Sadaya : **5 7 i . / 5 7 i . / 5 4 3 . /**  
**A min, A min, A min.**

(Liturgos: Pasamuwan kula aturi lenggah.....)

4. **Lektor : Sabda Introitus : Ayub 22 : 21-26**  
Lektor : “Mekaten sabdanipun Gusti”  
Pasamuwan : “Puji sokur konjuk Gusti”
5. **Liturgos :** “Bapak, Ibu, saha para Sadherek ing tetunggilanipun Gusti Yesus, menawi kita rukun kaliyan Gusti Allah, kita badhe nggadahi raos tentrem saha kabegjan awit kita tiyang ingkang nampeni piwucalipun Gusti saha nyimpen pangandikanipun ing saklebeting manah kita ugi nindakaken ing gesang kita. Kita makluk ingkang rinimatan krana sihing Pangeran awit kita tansah manut ing pangrehipun Allah, sesarengan sumangga sami memuji asmanipun Gusti kanthi ngrepenaken **Kidung Pasamuwan Jawi Wolung Dasa Sekawan, Pada Setunggal Lan Tiga ( KPJ 84 : 1, 3), “Mara Wong Dosa, Wong Cilaka, Mareka”**
- (1) Mara wong dosa, wong cilaka, mareka mring Gusti Pamarta;  
temah binirat dosa nira, krana gunging sihnya.  
Saiba karaharjanira, yèn sira wus manjing pracaya,  
sinung begjaing gesangira, uwal sing antaka.
- (3) Aja semaya, gya mareka, wit tan ngerti praptaning pati.  
Gusti ngantya mring tobatira, krana sih-rahmatnya.  
Saiba karaharjanira, yèn sira wus manjing pracaya,  
sinung begjaing gesangira, uwal sing antaka.
6. **Pandhita : Sabda Andharaning Katresnan : Markus 1 : 14-15**

## 7. Imam : Pacawisan Pamratobat

“Pasamuwan kagunganipun Gusti, Nabi Yokanan sampun nggelaraken Injilipun Gusti, awit Kratoning Allah sampun celak, pramila kita dipun emutaken supados mratobat saha pitados dumateng Injil!”

Pramila sumangga kita cawisaken manah, sowan marek wonten Ngarsanipun Gusti, murwakani pandonga pamratobat, sesarengan kita sami memuji Gusti kanthi pepujen **Kidung Pasamuwan Jawi Suwidak Setunggal, Pada Setunggal Lan Tiga (KPJ 61 : 1, 3), “Saestu Keduwung”**

- (1) Saestu keduwung kula, dene kirang setya.  
Kadhawuhan kinen tresna dhateng Allah wah sesami,  
nging tan ana bukti. Aduh Gusti, nyuwun suci.
  
- (3) Saèstu keduwung kula, dé ndlarung ing dosa.  
Nadyan rinoban sih-rahmat, nging datan énggal mratobat,  
mangkotaken ati. Adhuh Gusti, nyuwun suci.

## 8. Imam: Pandonga Pamratobat

Sadhèrèk kinasih, umatipun Gusti Yésus Kristus, sesarengan kita aturaken pandonga pamratobat, kita ndedonga:

“Pinuji-pujia Paduka Gusti, ingkang tansah nyarengi ing lampah gesang kawula. Kawula marek sowan wonten Ngarsa Paduka kanthi raos keduwung awit kawula taksih gesang lelamisan. Kawula tiyang ingkang mboten setya tuhu nindakaken dhawuh Paduka. Kawula ugi asring dlarung ing dosa. Kawula asring mboten purun mirengaken pangandikan Paduka. Ing Ngarsa Paduka, kawula nyuwun Paduka tansah paring sih wilasa dhumateng sadaya karingkihan kawula punika. Paduka Gusti ingkang mulihaken saha nucekaken manah kawula. Linambaran sih katresnanipun, Gusti Yesus Kristus, Juru Wilujeng kawula ndedonga. Amin.”

## 9. Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat : Lukas 15 : 7

**Pandhita : Pangatag-atag Gesang Anyar : Mateus 3 : 8**

10. **Liturgos** : “Pasamuwan umat kagunganipun Gusti, kita sami nampeni dhawuh supados saget ngedalaken wong pamratobat ingkang sembada. Sumangga kita sami gumregah nresnani sesami, kanthi ngedalaken wohing pamratobat ing gesang kita padintenan. Kita luhuraken asmanipun Gusti kanthi kesanggeman kita lumantar pepujen **Kidung Pasamuwan Jawi Satus Sangang Dasa Kalih, Pada Setunggal Lan Kalih (KPJ 192 : 1, 2), “Isining Kabar Kabingahan”**..... *Pasamuwan kula aturi jumeneng*

- (1) Isining kabar kabingahan winangsit ken dening Pangeran,  
dadya srana paring piwulang margining kautaman.  
Dimen tyang pitados tansah arumantos  
mbangun turut Gusti, nresnani sesami.
- (2) Tyang lepat winelehken samya dening sabdaning Kang Makwasa;  
tyang dosa kang samnya mratobat anampeni sih-rahmat.  
Dimen tyang pitados tansah arumantos  
mbangun turut Gusti, nresnani sesami.

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

## 11. Wedharing Sabdanipun Gusti

(*Pasamuwan Lenggah*)

- a) Pandhita : Pandonga Epiklese
- b) Pandhita : maosaken Yunus 3 : 1-10
- c) Pandhita : **Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.**  
**Pasamuwan: 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6.54 3 |**  
**Hale - luya Hale - luya Hale - lu - ya**
- d) Pandhita : Paladosan Khotbah
- e) Irah-irahan: “Pamratobat ingkang Sejatos”
- f) Ancas : **Pasamuwan nyuraosi saha nuladha pamratobatipun pasamuwan ing kitha Niniwe satemah ndayani pamratobat kita wangsul ing Gusti ngedalakon woh ing gesang kita padintenan.**

## 12. Pisungsung

**Imam** : “Sabdanipun Gusti Allah “*Pamratobat ingkang Sejatos*” ndayani kita sami ing gesang padintenan tansah ngedalaken woh pamratobat. Katresnanipun Gusti tansah linuber lumintu dumateng kita. Pramila, sumangga kita caosaken pisungsung ingkang sampun kita cawisaken minangka atur panuwun sokur kita.

Pisungsung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal lan kalih kagem pasamuwan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya éméritus. Pisungsung wulanan lan mirunggan saged dipun lebetaken ing kotak utawi salah satunggaling kantong, déné pisungsung mirunggan kagem panyengkuyung ***Pekan Doa Sedunia*** saged dipun lebetaken wonten kothak ingkang sampun kacawisaken. Lan ingkang ngersakaken caos pisungsung kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.

Tetales pisungsum ing wekdal menika kapethik saking **Serat Rum Bab Kalih Ayat Sekawan (Rum 2 : 4)** ingkang mekaten suraosipun: **“Apa kowe arep ngremehake lubering kamirahan sarta sabar sarehe Gusti Allah? Apa kowe ora sumurup manawa kamirahane Gusti Allah iku nuntun kowe marang pamratobat?”**

Kita aturaken pisungsum sesarengan wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi Satus Pitung Dasa, Pada Setunggal, Kalih, Lan Tiga (KPJ 170 : 1 - 3), “Lubering Berkah Sing Gusti”**

- |     |   |  |
|-----|---|--|
| (1) | Lubering berkah sing Gusti,<br>yeku prajangi suci;<br>urip mulya aneng swarga,<br>pinaringken Sang Putra.           | <u>Refr:</u><br>Berkahing Gusti, iku dak anti anti,<br>sayogya tansah tinampi klayan tulusing ati. |
| (2) | Lubering berkah sing Gusti, dadya seger uripku<br>saka gunung miwah lembah, lir grojogan keprungu..... <u>Refr:</u> |  |
| (3) | Lubering berkah sing Gusti, iku kang daksuwun;<br>"Aparinga luber agung, maring umat sadarum!" ..... <u>Refr:</u>   |  |

### 13. **Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat**

14. **Liturgos** : “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesarengan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. Pasamuwan kula aturi jumeneng ....

- Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.
- Inkang kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- Inkang nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- Punapa-dene pangapunte ning dosa.
- Tanginipun raga.
- Sarta gesang langgeng.

15. **Pandhita : Paladosan Berkah**

16. **Liturgos** : “Pradataning Pasamuwan ngaturaken panuwun dhumateng Bapak/Ibu Pandhita ..... lan sadaya paraga ingkang sampun nyengkuyung lampahing pangibadah punika.

Pasamuwan kinasih, sumangga kita pungkasi pangibadah punika kanthi renaning manah, kebak katentreman, karaharjan, lan saget gesang kanthi ngedalaken woh pamratobat ingkang sembada. Pangibadah kita pungkasi kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi Kawan Atus Seket, Pada Setunggal Lan Kalih (KPJ 450 : 1, 2), “Sumangga Makarya”**

- (1) Sumangga makarya, para utusan setya  
ngundhang aken kabar adya, sih rahmat saking swarga,  
mrih tyang kang peteng manahnya, dadya padhang lejara.  
Sumangga samekta, tansah makarya.
- (2) Sumangga makarya, dipun kepara cukat,  
mbabarken tresna sanyata, mrih tyang dosa mratobat,  
panggah ngadhepi bebaya, Gusti nganthi slaminya.  
Sumangga samekta, tansah makarya.

17. **Liturgos** : “Sugeng dinten Minggu, lan kita sami tansah binerkahan ing Sang Kristus Gusti. Amin.”